

Pou Piblikasyon Imedya: 18/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE NETFLIX PRAL ELAJI PREZANS LI NAN NEW YORK AK NOUVO SANTRAL PWODIKSYON NAN VIL NEW YORK

Santral la Gen Ladan Biwo Ki nan Manhattan yo Ki Pral Kreye 127 Pòs Travay nan Kontni Revni yo, Komèsyalizasyon ak Pwodiksyon yo apati 2024

Espas Pwodiksyon Brooklyn lan Pral Gen Ladan Sis Estaj pou Son yo Ki Gen Kapasite pou Loje Plizyè Milye Pòs Travay Nan yon Peryòd Senk An

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Netflix, ki se sèvis divètisman sou entènèt ki ap mennen nan mond lan, pral elaji prezans li nan New York ak yon santral pwodiksyon nan Vil New York, ki ap pote plizyè santèn pòs travay ak jiska 100 milyon dola nan investisman nan vil lan. Santral pwodiksyon an pral gen ladan yon biwo ki elaji nan Manhattan ki pral kreye dirèkteman 127 pòs travay ki byen peye nan kontni egzekitif yo, komèsyalizasyon ak devlopman pwodiksyon yo sou senk pwochè ane yo, ak sis estaj pou son yo ki gen kapasite jere plizyè milye pòs travay pou ekip pwodiksyon yo nan yon peryòd senk an. Anons sa a kontinye ak angajman Gouvènè Cuomo pran pou sipòte sektè teknoloji ak divètisman New York yo pou kreye bon jan travay atravè Eta a.

"Netflix inovatif, kreyatif epi pwogresis - menm jan ak moun New York yo - epi ekspansyon konpayi modèn sa a nan New York ap demontre yon lòt fwa ankò ke Empire State ouvri pou biznis", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Nou fyè dèske Netflix te chwazi New York pou devlope biznis li, epi nou ap rete tann travay, aktivite ekonomik ak pwodiksyon klas mondyal yo ke pwojè sa a pral pote."

"Antan ke yon founisè sèvis vizyonaj ki ap mennen an Amerik ak alantou mond lan, ekspansyon Netflix nan New York se yon etap fondamantal konsiderab, ki ap kreye potansyèl pou plizyè milye pòs travay", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Nouvo santral pwodiksyon an pral ajoute espas biwo ak estaj pou son yo nan Brooklyn, ki ap fè vanse endistri teknoloji ak divètisman an nan zòn nan, epi kontinye investi epi devlope ekonomi tout Eta New York lan."

Jason Hariton, ki se Direktè Operasyon Estidyo ak Imobilye nan Mond Antye nan Netflix te deklare, "New York te kreye yon anviwònman ki apwopriye pou fim yo ki se lakay kèk nan pi bon talan kreyatif ak egzekitif yo nan mond lan, epi nou kontan anpil pou nou bay yon kote pou yo nan Netflix ak santral pwodiksyon nou an".

Nouvo biwo kòporatif Netflix yo pral pran jiska 100,000 pye kare anviwon nan 888 Broadway ki nan Distrik Flatiron nan Manhattan. Biwo yo pral loje 127 nouvo pozisyon travay nan acha kontni egzekitif, devlopman, pwodiksyon, jidisyè, piblisite ak komèsyalizasyon yo an plis de 32 amplwaye Netflix aktyèl ki baze nan New York yo.

Konpayi an - ki te gen yon istwa long nan pwodiksyon nan New York ki gen pami yo *Orange is the New Black*, *Unbreakable Kimmy Schmidt*, *She's Gotta Have It*, *The Irishman*, *Someone Great*, *Private Life* ak *Russian Doll* - te anfème tou anviwon 161,000 pye kare pou konstwi sis estaj pou son yo ak espas sipò nan 333 Johnson Avenue ki nan Brooklyn. Yo prevwa ke espas sa yo pral loje plizyè milye pòs travay nan pwodiksyon nan yon peryòd senk an.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan Howard Zemsky te deklare, "Gras a Netflix, vizyonaj sou entènèt te vin kòm yon kote komen menm jan ak televizyon ak kab, epi petèt menm pi aksesib - epi dezisyon ke yo pran pou elaji nan New York se yon validasyon travay nou te fè pou sipòte epi devlope endistri teknoloji, amizman ak pwodiksyon New York yo".

John Ford, ki se Prezidan Motion Picture Studio Mechanics Local 52, I.A.T.S.E., te deklare, "Manm ekip ki ap travay di yo se fondman endistri fim New York lan, epi pwojè sa a ap investi nan avni yo. Moun ki talantye sa yo ap travay chak jou pou asire pwodiksyon yo ale san yon ti pwoblèm - epi yo pa gen pi gwo sipòtè pase Gouvènè Andrew Cuomo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a poutèt li ap ede pote nouvo santral Netflix la nan Vil New York".

Tom O'Donnell, ki se Prezidan Theatrical Teamsters Local 817, te deklare: "Pa gen anpil konpayi ki nan endistri nou an ki pwogresis tankou Netflix. Ak nouvel sa a, nou pral kontinye ajoute travay djanm pou klas mwayèn nan pou rive deja nan nivo anlwa rekò yo. Klima pou ke sa kapab reyalize a pa ta pral egziste san Pwogram Kredi Enpo pou Fim nan Eta New York (New York State Film Tax Credit Program) ki gen anpil reyisit la — epi mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt vizyon ak sipò kontinyèl li".

Pou sipòte Netflix nan kreyasyon 127 pòs travay nan biwo ki byen peye yo apati 2024 - epi pou rivalize ak lòt vil ki an konsiderasyon yo - Empire State Development te ofri jiska 4 milyon dola nan Kredi Enpo Excelsior ki baze sou pèfòmans yo sou yon peryòd dis ane, ki lye dirèkteman ak kreyasyon travay reyèl. Pou ka resevwa tout rekonpans lan, Netflix dwe kreye 127 pòs travay apati 2024 nan nouvo biwo pwodiksyon egzekitif li an epi apre kenbe nouvo pòs travay sa yo ak 32 pòs travay aktyèl nan biwo yo pandan yon lòt senk an.

Enfòmasyon sou Netflix

Netflix se sèvis distraksyon sou entènèt ki ap mennen nan mond lan ki gen plis pase 139 milyon afilyasyon ki peye yo nan plis pase 190 peyi ki ap pwofite de seri Televize yo, dokimantè yo epi li gen fim nan yon pakèt varyete tip ak lang. Manm yo ka gade tout valè fwa ke yo vle, nenpòt lè, nenpòt kote, sou nenpòt ekran ki konekte sou entènèt. Manm yo ka jwe, mete sou poz, epi rekòmanse gade fim yo, tout sa san okenn komèsyal oswa angajman yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)